

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dina ieu bab diguar kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh maca pamahan carita pondok siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajar 2021/2022 saméméh di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA kagolong kana katégori “hadé” lantaran peunteun rata-ratana nyaéta 63,7. Sedengkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA nyaéta 83,7 sarta kagolong kana katégori hadé pisan.
- b. Kamampuh maca pamahan carita pondok siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu taun ajar 2021/2022 saméméh di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA kagolobg kana katégori “hadé” lantaran peunteun rata-ratana nyaéta 57,7. sedengkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA kagolong kana katégori “kurang pisan” lantaran peunteun rata-ratana nyaéta 63,8.
- c. Kamampuh maca pamahaman sabada di kelas nu ngagunakeun métode ECOLA ngaronjat dina sakabéh aspék. Sedengkeun kamampuh maca pamahaman sabada di kelas nu teu ngagunakeun métode ECOLA teu ngaronjat dina sakabéh aspék.
- d. Aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok kelas anu ngagunakeun métode ECOLA jeung kelas anu teu ngagunakeun métode ECOLA. Dumasar uji *Mann Withney* nilai signifkansinya $0.00 < 0,05$. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén H_0 ditolak sedengkeun H_a ditarima. Jadi, aya béda anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII SMP Muhammadiyah 4 Margahayu antara kelas anu ngagunakeun métode ECOLA jeung kelas anu teu ngagunakeun métode ECOLA.

5.2 Implikasi

Dumasar hasil panalungtikan éféktivitas métode ECOLA dina pangajaran maca pamahaman carita pondok di SMP Muhammadiyah 4 Margahayu, ieu métode

bisa ngaronjatkeun pamahaman maca carita pondok sarta bisa ngawangun gawé bareng dina kagiatan diajar. Peunteun rata-rata hasil kamampuh maca pamahaman antara kelas anu ngagunakeun métode ECOLA (kelas ékspérimén) leuwih punjul dibandingkeun kelas anu teu ngagunakeun métode ECOLA (kelas kontrol). Métode ECOLA bisa ngawangun lingkungan diajar anu aktif antara individu jeung antar kelompok lantaran siswa dibéré stimulus pikeun maham kana aspék-aspék nu ngawangun carita pondok, silih mantuan antar individu utamana antar anggota kelompok, nepi ka sakabéh siswa bisa maham kana eusi carita pondok. Ku kituna métode ECOLA éféktif tur bisa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun maca pamahaman.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan jeung implikasi di luhur, aya sawatara rékoméndasi tin panalungtik, nyaéta:

- a. Métode ECOLA anu dipaké dina ieu panalungtikan dipiharep bisa dilarapkeun ku guru-guru minangka métode diajar utamana dina pangajaran basa.
- b. Dina prosés pangajaran tatap muka sarta pikeun meunangkeun pangajaran sacara maksimal diperlukeun fasilitas anu lengkep saperti kamus basa Sunda.
- c. Métode ECOLA bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carpon siswa nalika kagiatan diajar-ngajar luring. Upama kagiatan diajarna daring, kudu ditalungtik heula sangkan ieu métode bisa dilarapkeun sacara daring.